

Epatit A

Mwa daou 2014 | Paj 1 nan 2 paj

Kisa epatit ye ?

Epatit se nenpòt tip enflamasyon (yon reyaksyon tankou anflamasyon ak doulè) nan fwa. Gen plizyè bagay ki ka lakoz epatit. Pami bagay sa yo, genyen viris (tip jèm), dwòg, pwodui chimik ak alkòl, e menm pwòp sistèm defans moun nan ka atake fwa l. Kounye a, yo konnen senk viris ki, an patikilye, afekte fwa a. Ozetazini, viris epatit ki pi kouran se epatit A, epatit B ak epatit C. Gen yon pakèt diferans ant viris sa yo, men yo tout yo lakoz enfeksyon e yo ka lakoz menm sentòm yo. Gen diferans nan jan viris sa yo pwopaje, nan tan enfeksyon an ap dire, ak nan fason pou yo trete yo. Yon moun k ap bay swen lasante ka fè tès san pou yon moun pou l konnen si moun nan enfekte ak viris epatit A, B ak C.

Kisa epatit A ye ?

Epatit A se yon enfeksyon nan fwa viris epatit A a lakoz. Li kontajye anpil epi yon moun kapab bay yon lòt li byen fasil. Nenpòt moun ka pran epatit A, men se timoun ki genyen l plis. Se raman maladi sa touye moun epi li pa lakoz enfeksyon oswa maladi nan fwa ki kwonik (ki dire lontan). Yon fwa yon moun te genyen epatit A, li pap ka genyen l ankò. Gen vaksen pou prevni enfeksyon epatit A a.

Kijan l pwopaje ?

Viris epatit A a pwopaje atravè poujou (pa mwayen poujou-bouch). Sa vle di maladi a pwopaje lè yon moun mete nan bouch li yon bagay ki te kontamine ak poujou yon moun ki gen enfeksyon an. Souvan, li pwopaje lè yon moun ki gen enfeksyon an pa fè atansyon pou l lave men l apre l sot nan twalèt. Se poutèt sa, moun ki rete menm kote oswa ki fè seks ak yon moun ki gen enfeksyon an gen anpil chans pou l pran l. Viris la ka pwopaje tou nan pwogram kote yo pran swen timoun ki nan kouchèt ak nan biznis kote yo fè manje tankou restoran. Epatit A ka pwopaje lè moun manje manje k kontamine (tankou fwidèmè ki kri oswa ki pa byen kwit) oswa lè yo bwè dlo ki kontamine. Gen epidemi epatit A tou pami moun k ap pran dwòg, men kontrèman ak lòt viris epatit yo, se raman epatit A pwopaje atravè san.

Ki sentòm epatit A a bay ?

Pami sentòm epatit A a bay gen lafyè, fatig, pèt apeti, malvant, kè plen, dyare ak lajonis. Siy lajonis yo se je ak po moun nan k ap vin jòn, poujou l gen koulè lajil oswa gri ak pipi l fonse. Jenntimoun ak adilt yo gen plis chans pou yo gen kalite sentòm sa yo pase timoun yo. Jenn timoun ki gen epatit A, leplisouvan, gen sentòm ki pa grav oswa yo pa gen okenn sentòm ditou. Dabitid sentòm yo dire pi piti pase de mwa. Kèk adilt ka santi yo malad pou sis mwa, men sa pa rive souvan.

Aprè konbyen tan sentòm yo kòmanse ?

Sentòm epatit A yo, lè moun ap genyen yo, ka kòmanse dabitid apeprè nan 3 semèn a yon mwa apre yon moun te ekspeze a viris la, men yo ka kòmanse ant 15 a 50 jou apre moun nan te vale viris la.

Kijan yo fè dyagnostik epatit A ?

Se yon tès san yo fè pou yo fè dyagnostik epatit A. Tès san sa a ka fè diferans ant ansyen ak nouvo enfeksyon. Gen tès san yo fè tou pou mezire si gen domaj ki fèt nan fwa a, men tès sa yo pa montre kisa k lakoz domaj la.



Kijan yo trete epatit A ?

Pa gen yon tretman byen detèmine pou yon moun ki fè epatit A. Yo rekòmande pou moun nan repoze ak bwè anpil likid. Gen kèk moun ki ka bezwen pou yo entène yo nan lopital.

Kijan yo ka prevni enfeksyon sa a ?

Swiv ti konsèy yo ki anba a. **Si w fè yo tounen yon abitud pou ou, ou ka prevni epatit A— menm jan tou ak lòt maladi :**

- Toujou byen lave men w ak savon ak dlo anvan w manyen oswa manje yon manje, apre w sot nan twalèt ak apre w chanje yon kouchèt. **Lè pa gen savon ak dlo, itilize swa ti sèvyèt pou men yo, ki fèt pou yo itilize yon sèl fwa e ki gen alkòl ladan yo a oswa jèl pou netwaye men yo.**
- Pa manje fwidèmè kri oswa ki pa byen kwit.
- Toujou byen lave fwi ak fèy yo anvan w manje yo.

Pou pwoteksyon ki dire lontan, se vaksen epatit A ki pi bon. Yo rekòmande vaksen pou kèk gwoup moun, tankou :

- Tout timoun lè yo gen 1 an
- Moun ki pral nan peyi kote epatit A kouran
- Fanmi ak moun k ap okipe timoun yo fèk adopte ki sot nan peyi kote epatit A kouran
- Gason k ap fè seks ak lòt gason
- Moun k ap pran dwòg rekreyasyonèl, keseswa ak piki oswa lòt jan
- Moun ki gen maladi nan fwa ki kwonik oswa ki dire lontan, tankou epatit C ak epatit B
- Moun ki gen pwoblèm sèyman oswa san yo pa ka kowagile.

Iminoglobilin (IG) se yon piki ki bay pwoteksyon pou yon dire ki kout. Se moun ki pa t resevwa vaksen epatit A e ki te ekspoze a epatit A oswa moun ki fè aleji a vaksen an oswa ki te chwazi pou yo pa t pran vaksen an e ki pral nan yon zòn kote epatit A kouran, yo bay li.

Èske gen bagay moun ki fè epatit A pa ka fè ?

Wi. Lwa nan Massachusetts ekzije doktè yo pou yo rapòte ka epatit A bay biwo lasante nan lokalite a. Moun ki gen epatit A ki ap travay nan biznis k ap fè manje pap ka travay pazavan lafyè la pase nèt ak pazavan yon semèn depi sentòm yo te kòmanse. Pami biznis ki fè manje ou jwenn restoran, kote k fè sandwich, kwizin lopital yo ak izin kote yo fè pwodui yo fè ak lèt ak bagay pou moun manje. Règleman sa yo konsène tou moun k ap travay nan lekòl, nan pwogram kote yo okipe moun kote yo rete a, gadri ak kote yo bay swen lasante ki bay pasyan yo manje, ki bay swen pou bouch oswa ki bay medikaman.

Ki kote ou ka jwenn plis enfòmasyon ?

- Doktè w, enfimyè w oswa klinik lasante w la
- Sit entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (CDC) nan : <http://www.cdc.gov/hepatitis>
- Biwo lasante nan lokalite w la (yo mete nimewo yo nan anyè a anba "gouvènman")
- Depatman Lasante Piblik nan Massachusetts (MDPH), Divizyon Epidemyoloji ak Iminizasyon nan (617) 983-6800 oswa rele nimewo gratis la nan Massachusetts nan (888) 658-2850

